

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Kasenian gésrék mangrupa salahiji kasenian nu aya di Kabupatén Garut, pernahna di Kampung Bojongboléd Désa Garumukti Kacamatan Pamulihan. Kasenian gésrék téh mangrupa pintonan kamonesan salaku seni dina maénkeun pakarang. Ieu kasenian dingaranan gésrék dicokot tina basa Sunda, alatan nempo kana cara maénkeun pakarangna anu digésrék-gésrék kana awak pamaénna. Salian ti kitu, istilah gésrék téh mangrupa singgetan tina “Gerakan Seni Raihan Karuhun”. Ieu singgetan téh dijieuun ku para pamaén kiwari alatan nempo kana sajarah kasenian gésrék nu diturunkeun sacara turun-tumurun ti karuhun. Kasenian gésrék geus aya ti saméméh taun 1950'an. Dina taun 1970'an kasenian gésrék kakara diwanohkeun ku Abah Sanuhri ka Désa Garumukti. Tuluy dina taun 1980'an ieu kasenian diturunkeun ka Abah Usup salaku sesepuh dina kasenian gésrék. Ti dieu, mimiti kasenian ngalaman kamekaran sarta parobahan nepi ka dipikawanoh nu masarakat luar désa.

Hal-hal anu kudu ditataharkeun pikeun pintonan kasenian gésrék kayaning bahan-bahan nu digunakeun dina sasajén, nya éta bawang bodas, béas, cai kembang tujuh rupa, duwegan, endog, gula beureum, kopi, menyan, minyak keletik, panglay, parupuyan, rujak, jeung roko; sarta pakakas nu digunakeun dina pintonan kasenian gésrék, nya eta qur'an, kitab *Barzanzi*, awi, bedog, suluh, terebang, tarompét, kendang, goong, jeung pakéan atawa kostum.

Prak-prakan pintonan kasenian gésrék kabagi jadi dua tahapan, nya éta tahapan saméméh pelaksanaan jeung tahapan pelaksanaan. Tahapan saméméh pelaksanaan nya éta ngalaksanakeun ritual, mitembayan, ngaweruhkeun pakarang (mapatkeun ajian kana pakarang), jeung nyieun kalang. Sedengkeun dina tahapan pelaksanaan pintonan kasenian gésrék, ngawengku pintonan penca silat, kamonesan dina ngulinkeun bedog, kamonesan dina meulah awi, jeung kamonesan dina ngagaley ruhak seuneu. Dina prungna pintonan, pamaén gésrék

ngibing bari maénkeun pakarang sarta dipirig ku waditra jeung sholawatan. Dina sela-sela maca sholawatan, sok diselapan ku sisindiran nu eusina piwuruk,

sésébréd, jeung silihasih.

Wujud kabudayaan nu aya dina kasenian gésrék nya éta wujud *ideas* nu ngawengku ajén tioritis, ajén réligius, ajén éstétik, ajén sosial, jeung ajén ékonomi; wujud *activities*, katitén tina tahapan saméméh pelaksanaan jeung tahapan pelaksanaan; sarta wujud *artifacts* nu ngawengku bawang bodas, béas, cai kembang tujuh rupa, duwegan, endog, kopi, menyan, minyak keletik, parupuyan, panglay, roko, Qur'an, kitab *Barzanji*, awi, bedoh, suluh, terebang, tarompét, kendang, goong, jeung kostum pamaén. Sedengkeung fungsi kasenian gésrék, nya éta fungsi kognitif, fungsi éstétika, fungsi rékréasi, fungsi niléi, jeung fungsi didaktif.

Ajén-inajén nu nyampak dina kasenian gésrék, nya éta:

- 1) hakékat hirup, cara nyanghareupan kahirupan sangkan teu pikasediheun sarta teu pikasusaheun, kudu ihtiari sarta usaha pikeun hirupna jadi leuwih hadé sarta sangkan meunangkeun kasalametan dunya jeung ahérat;
- 2) hakékat karya, nu nuduhkeun yén *eksistensi* ayana kasenian gésrék alatan aya nu nyiptakeunana, hartina kasenian gésrék mangrupa hasil karya ti masarakat Désa Garumukti sarta méré kalungguhan ka masarakat Désa Garumukti salaku masarakat nu masih kénéh ngariksa kabudayaan karuhunna;
- 3) hakékat kalungguhan manusa dina ruang jeung waktu, katitén tina gelarna ieu kasenian ti mangsa ka mangsa nu diturunkeun sacara turun-tumurun ti generasi ka generasi, nuduhkeun yén kasenian gésrék mangrupa hasil karya nu diciptakeun ti mangsa nu geus kaliwat pikeun masarakat dina mangsa ka hareupna moal poho kana tradisi ti karuhunna;
- 4) hakékat hubungan manusa jeung alam sabudeureunana, nuduhkeun yén manusa salaku mahluk ciptaan Gusti Alloh miboga kalungguhan nu leuwih luhur sarta leuwih mulia batan mahluk séjénna; jeung
- 5) hakékat hubungan manusa jeung sasamana, hartina unggal jalma téh silihpi kabutuh jeung nu séjénna sarta moal bisa hirup sosoranganan.

## 5.2 Rékoméndasi

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasenian nu aya di Tatar Sunda. Dumasar hasil panalungtikan, masih

kénéh aya pasualan-pasualan ngeunaan kasenian gésrék nu can kaguar ku panalungtik. Ku kituna, dipiharep sangkan aya panalungtikan satulunya pikeun ngaguar pasualan-pasualan nu can kungsi dipedar dina ieu panalungtikan. Pikeun pihak-pihak nu patali jeung widang kabudayaan, dipiharep bisa leuwih ngarojong kana kasenian gésrék, bisa ngadokuméntasikeun, sarta ngarévitalisasi ieu kasenian pikeun kapentingan atikan, pariwisata, sarta salaku seni pintonan nu mibanda édukasi ngeunaan kabudayaan. Pikeun pamaréntah, kasenian gésrék salaku kabudayaan daerah, perlu ayana panitén ti pamaréntah sangkan ieu kasenian bisa tuluy mekar ogé bisa dipikawanoh ku masarakat sacara umum. Pikeun guru basa Sunda, bahan pangajaran bisa dicokot tina sagala hal nu aya di sabudeureun kahirupan. Sangkan murid teu bosen, diperlukeun ayana kaparigelan dina ngokolakeun bahan pangajaran, salahajji ngaliwatan pintonan kasenian nu aya di daerahna bisa nambahán pangaweruh siswa sarta mangrupa tarékah dina ngariksa kabudayaan ti karuhun.